

Lakou Tanama: Espas Gerizon Enklizif nan Lafwa k ap Sipòte ayisyen yo ki nan Kriz



[pa Wajeeha Malik](#)

“Mwen te pèdi sèl zanmi mwen yè pa swisid.”

Se 17 septanm 2025, epi dam k ap pale a se youn nan douz moun ki te reyini sou yon apèl Zoom. Gen kèk ki gen kamera yo limen, lòt yo pa genyen. Li kontinye: “Yon manman de timoun, sèlman 29 an. Li te di li te santi dezespwa ak imilyasyon. Li te pèdi travay li epi li te abandone. Li pa t gen anyen ki rete epi li te konnen ke li pa t ka nouri pitit li yo.”

Gen yon poz. Apre sa: “Petèt si li te konnen Lakou sa a, li te ka kenbe.”

Li ap pale de Lakou Tanama, yon inisyativ sante mantal ak yon pwogram kominotè ki baze nan Pòtoprens, Ayiti, ki – an patenarya ak òganizasyon ameriken [Church World Service \(CWS\)](#) – ap òganize Espas Gerizon Enklizif nan Lafwa pou sipòte byennèt mantal ayisyen k ap viv nan Etazini, epi fòme fasilite pou fè sa tou, an Kreyòl ayisyen (oswa Kreyòl).

Nadège Robertson, ko-kreyatris Lakou Tanama epi Direktè Egzekitif [Fondasyon Espoir](#), ap viv an Ayiti depi prèske 30 an apre li te fin demenaje la soti Etazini. Li ap fasilite espas gerizon sa a depi lakay li andeyò Pòtoprens. Dènyèmman, istwa yo vin pi nwa. Moun ki te kouri kite Ayiti pou chèche sekirite Ozetazini kounye a ap dekri yon dezespwa total. Avèk [Estati Pwoteksyon Tanporè](#) a pou 500,000 Ayisyen k ap viv nan Etazini ki fini an fevriye epi benefis pwogram yo anba menas, pwomès ki te mennen yo Etazini yo ap kraze.

Istwa yo ap debòde nan espas gerizon Lakou Tanama bay la. Yon moun dekri kijan yap kouri pou bandi an Ayiti ak de timoun, sèlman pou l jwenn "solitud total, dezespwa, strès, depresyon" Ozetazini. Nan temwayaj yo, patisipan yo di y ap panse touye tèt yo epi yo kontan pou yo nan sesyon an paske yo "pa gen pèsonn pou yo pale avèk".

Nan youn nan apèl yo sèlman, plizyè moun te pataje sou lide touye tèt resan ak souvan. Bezwen pou espas sa yo te vin enkontestab.

Pandan sis dènye ane yo, Ayiti te sibi vyolans ak enstabilite san parèy. Depi Oktòb 2025, **plis pase 1.4 milyon Ayisyen** te oblije kite kay yo. Moun ki te rive Ozetazini yo te pran eskont, yo te vann byen yo epi yo te kite fanmi yo dèyè. Yo te rive avèk espwa epi detèminasyon. Avèk menas iminan pou yo depòte yo tounen an Ayiti a ak yon ognantasyon nan diskou politik dezimanizasyon an, espwa ap diminye. Moun yo ap pale ouvètman sou anvi abandone, jiska mouri. Se kriz sa a Lakou Tanama ap reponn a.

Sèvis sante mantal ki swiv yon apwòch sekilyè anvè byennèt mantal pa rive nan kominote sa yo. “Reyalite a se ke pifò pwogram sante mantal yo pa benefisye kominote Ayisyen an paske yo pa t janm fèt ak yo nan lide” Alex Morse, Repezantan Rejyonal Adjwen pou Amerik Latin nan ak Karayib la nan Church World Service (CWS) eksplike.

Pou kominote Ayisyèn an k ap fè fas ak yon kriz, sipò sante mantal ki inyore oswa diminye lafwa p ap mache. Nan kèk ka, espirityalite a prezante kòm yon patoloji, li prezante kòm yon baryè olye de yon sous fòs, sa ki fè moun yo santi yo pa wè, yo jije, epi yo plis majinalize nan vwayaj gerizon yo.

Lè [Church World Service](#) ak patnè li yo te kòmanse eksplòre sipò sante mantal pou Ayisyen yo, yo te fè fas ak yon chwa enpòtan sou fason pwogram nan ta dwe fèt. “Nou te pase anpil tan ap mande tèt nou si pwogram sa a ta dwe fèt anrapò ak lafwa, oubyen si li ta dwe yon pwogram ki enklizif anrapò ak lafwa?” Alex sonje. Chemen ki pi fasil la ta dwe net anrapò ak lafwa net, pou evite konplikasyon ki genyen nan angaje yo ak divès pratik espirityèl, espesyalman Vodou.

Men, reprezantan peyi yo an Ayiti te refize, yo te rekonèt ke si sa ta pral kontribye nan pwosesis lapè ak rekonsilyasyon nan lavni, ta dwe gen fason pou kreye espas kote kretyen evanjelik, katolik, vodouyizan ak lòt moun reyini ansanm paske sa yo se pwoblèm ki afekte tout kominote a.

Apwòch sa a ka sanble radikal konpare ak fason 'sekilye' yo souvan prezante sikoloji oksidantal la oswa pratik gerizon yo. Sepandan, Dr. Evan Auguste, yon sikològ klinik ak legal epi ko-kreyatè Lakou Tanama, di ke lide sikoloji oksidantal ak sante mantal oksidantal tankou yon bagay ki manke lafwa oswa lespri vin an kesyon lè ou gade kijan konsèp sa yo te devlope nan kòmansman: "Lè moun pale de sikoloji oksidantal, yo di ke se yon fòm agnostik, sekilyè ki angaje sèlman ak lespri a. Men, lè w gade paradigm teyorik yo ak fondasyon paradigm yo, anpil ladan yo soti nan tradisyon espirityèl diferan."



Sèk Gerizon Lakou Tanama ki te fèt lakay Nadège Robertson nan mòn ki anwo PAP(pòtoprens) an 2025. Li te akeyi yon ekip lidè kominotè, sikològ ak travayè sosyal k ap fè fas ak pwòp lit yo akòz depasman entèn, vyolans ak dezòd pandan y ap kontinye kenbe espas pou kominote yo. Sèk sante mantal ak byennèt sa a te ofri a patisipan yo pa òganizasyon respektif yo.



Nadège Robertson dirije yon sèk gerizon.



Sèk gerizon ki te fèt nan Sant Kiltirèl Zemes an Ayiti ak manm ekip mouvman sosyal Gwoup Konbit ki te mande yon Sèk Lakou Tanama nan youn nan evènman yo.

Pran terapi ki baze sou atensyon, li fè remake. Yo soti nan Boudis, menm si sa raman rekonèt. Kreyatris Terapi Konpòtmantal Dyalektik (DBT) ak sikològ ameriken Marsha Linehan te di li soti nan enspirasyon diven. Freud te angaje byen fon ak kwayans ansyen Ejipt yo. Carl Jung pran nan filozofi espirityèl Bantou pou konsèp li sou enkonsyans kolektif la. "Sikoloji pa onèt sou pwòp istwa li sou fason nou fè ak fason nou konprann entèvansyon," Dr Auguste diskite.

Lè papa youn nan patisipan yo te mouri, li pa t kapab retounen kò papa l nan tè kote fanmi an te plante yon pyebwa sou plasenta li ki te antere a – yon tradisyon Ayisyen ki sakre. "Li te pataje ke li te gen santiman pèt sa a, epi apre sa pa t menm gen pèsonn pou l fache avek pou sa," Alex sonje. "Li te mande, 'Kont ki moun mwen ka fache menm? Kolonyalis Fransè ki mouri depi 200 ane? Mwen gen santiman sa yo, epi mwen pa konnen ki kote pou m mete yo, mwen pa konnen ki sa pou m fè avèk yo, epi mwen pa konnen kijan pou m rezoud yo'".

Nadège di l byen klè: "Ayisyen yo pote tout lajwa sa a ba yo espwa, epi li baze sou espiritualite yo. Li baze sou lafwa. Sèk oswa espas tankou sa Lakou Tanama ap ofri yo bay aksè a moun nan pwòp lang yo pou yo di, wi, se lafwa mwen ki fè m kontinye, kèlkeswa jan ou defini lafwa sa a."

Izolasyon an patikilyèman grav. "Langaj mwen t ap tandè a se te yon kalite dezespwa mwen pa t janm tandè," Nadège di.

"Lakou" se yon mo kreyòl Ayisyen ki vle di yon lakou santral kote fanmi ak vwazen yo rasanble. Nan listwa, espas lan te parèt nan fen 19yèm syèk la pandan kominote riral Ayisyen yo te reziste kont kondisyon kapitalis opresif kolon Ewopeyen yo te enpoze yo. "Tanama" soti nan mo Taíno ki vle di papiyon - ki reprezante transfòmasyon, sik lavi, ak koneksyon ak sajès zansèt yo.

Sèk la ouvè pou tout pratik, menm pou moun ki pa swiv yon sistèm kwayans espesifik. "Mwen te gen moun nan sèk la ki petèt ate oswa agnostik, epi mwen di yo: envoke pi wo nivo tèt ou, oubyen kèlkeswa sa ou aliyen avè l, ki sans verite ki pi laj pou ou, rele sa," Nadège di.

Pandan anviwon yon ane, Nadège ak Dr. Auguste te rankontre regilyèman pou devlope modèl la ansanm. Yo te rele Moun ki aje ki soti nan Asosyasyon Sikològ Nwa yo. Yo te etidye istwa gerizon Ayisyen, patikilyèman travay Doktè Louis Mars, premye sikyat Aisyen. Yo te fè entèvyou ak Moun ki aje yo sou kijan listwa te afekte yo, yo te jwenn modèl dekonèksyon ak tè a, ak lespri ak kilti, ak kominote ak politik, ak pwòp tèt ou. Apwòch yo a enfòmè tou pa rechèch sou pratik gerizon nan kominote a ak konsiltasyon avèk ekspè nan estrateji sante mantal ki enklizif nan lafwa, sa ki ajoute rigè nan devlopman modèl yo a.

"Anpil nan rechèch mwen yo se psikoistorik," Dr. Auguste di. "Mwen vle lye ak listwa gerizon Ayisyen an ki te envante epi ki te miltipliye an Ayiti." Nou te pran apwòch istorik sa a pou asire ke modèl nou an te soti nan liy gerizon Ayisyen yo pandan n ap mete tou kèk nan modèl ki santre sou Afriken yo ki gen rechèch enpòtan ki fèt sou yo pou satisfè moman an.

De semèn apre yo te finalize kourikoulòm yo nan kòmansman mwa Out la, yo te siyen akò pwogram nan, epi rekritman an te kòmanse. **Nan sèlman 20 jou, Lakou Tanama ak CWS te fòme 27 anplwaye premye liy ki soti nan 15 òganizasyon diferan atravè sèt**

eta. Sa yo se moun ki travay dirèkteman ak patisipan Ayisyen yo epi kounye a yo gen zouti pou fasilite espas gerizon nan pwòp kominote yo. Patisipan yo te wè sesyon yo tèlman itil ke yon evalyasyon te jwenn ke moun ki te reponn yo te vle jwenn aksè a de a kat Espas Gerizon pa mwa - epi yo te gen plis pase 15 zanmi nan sikonstans menm jan an pou refere yo bay pwogram nan.

Vitès la te nesèsè. "Pwoteksyon imanité ki disponib pou Ayisyen k ap viv Etazini kounye a ap fini 3 fevriye," Alex eksplike.

Sesyon yo fèt ak anpil atansyon pou yo santi yo natirèl ak ouvè. Nadéje tipikman kòmanse ak yon priyè oswa yon sòm, yon bagay ki parèt bon pou gwoup la. Patisipan yo ka itilize fo non si yo vle. Yo ka kenbe kamera yo etenn. Yo patisipe anpil oswa piti nan jan yo santi yo an sekirite.

Nan sant sèk la - menm vityèlman - anjeneral gen yon chandèl. "Nan fon li, li fondamantal," Nadéje eksplike. "Paskè kèlkeswa kwayans espiyèl ou, anjeneral ou ka konprann konsè, p tè, lè, van ak dife. Ki jan ou ka itilize paradigm yo? Ki jan ou ka itilize sistèm ak eleman yo pou kòmanse yon konvèsasyon? Kidonk, kèlkeswa sistèm kwayans ou, ou ka pataje."

Doktè Auguste dekri sa li te wè nan premye sèk yo: "Anpil soulajman. Moun yo t ap sèlman chèche espas pou yo wè epi pou yo wè yo."

Yon objè yo itilize pou pale ap deplase toutotou sèk la.. Travay fasilite a se sitou pou tann – pou reziste anvi ranpli silans la, pou kite moun yo jwenn pwòp preparasyon yo pou yo pale. Preparasyon sa a vini nan fason sanzatann. Nadéje dekri patisipan ki pa vle kite sèk la menm lè y ap literalman kouri pou sitiyasyon danjere. "Nou di yo, fèmen telefòn nan, epi yo di nou p ap rate sèk sa a, pandan y ap kouri."

Nadéje pa t atann sèk yo ta mache ak tout puisans yo te genyen an, sitou pou Ayisyen Etazini. "Mwen pa t ka imajine ke sèk mwen te konsevwa sitou pou zile a ta gen rezonans sa a. Ala enpak li genyen nan moman kriz. Gen moun ki panse, Kisa yon sèk ka fè nan yon kriz? Li fè pi plis pase sa moun panse."

Epi nan fen sesyon yo, moun yo nonmen sa yo jwenn: "Isit la nou jwenn kèk espwa ak gerizon, menm si nou konnen li pap chanje kounye a. *Jodia Nou jwen healing dan Lakou a.* Jodi a, nou jwenn gerizon nan lakou sa a."



Doktè Evan Auguste.



Doktè Auguste k ap fasilite yon espas gerizon.

Pawòl la ap gaye vit. Moun ki poko janm patisipe ap rele pou mande enfòmasyon sou pwochen sesyon an ak kijan pou yo rantre. Travay la ap elaji tou nan plizyè direksyon. CWS ap devlope yon fon pou ijans pou yo ka ede ak bezwen materyèl imedya yo – lwaye, manje, ak sèvis legal. “N ap travay sou devlopman yon fon ijans kout tèms ke nou ka itilize pou reponn a kriz moun yo ap travèse yo,” Alex eksplike, “nou rekonèt ke byennèt emosyonèl enpòtan anpil, men li pa sifi nan anpil ka si moun yo gen lòt bezwen imedya.”

Lide ki pi anbisye a ap kòmanse pran lavi: fasilite Ayisyen ki baze an Ayiti ap dirije espas gerizon vityèl pou Ayisyen Etazini. **Nadège deja fòme anviwon 30 fasilite ki baze an Ayiti e ekip vityèl sa a pral kapab kòmanse ofri plis pase 75 espas gerizon vityèl pa mwa.**

Doktè Auguste ajoute: “Nou ap fè eksperyans ke sa ap dewoule pi vit pase m panse Nadège te menm konnen.” Mwen te sezi wè jan li te pran vit. Prèske nan chak sèk n ap deplase, nou pase nan tout diferan nivo sa yo nan chòk endividyèl, dekoneksyon istorik, wont ak laperèz espirityèl, ak ensekirite ki baze sou leta. Moun yo ap pase nan tout bagay sa yo.”

Malgre vitès ekspansyon an, Lakou Tanama ak CWS kontinye angaje yo anvè kalite epi

mete an plas pwoteksyon pou patisipan ki riske deportasyon e ki potansyèlman an kriz.

Sèk yo fè plis pase trete doulè. Yo defye istwa moun yo te konn ap di, yo konfwonte mit sou sante mantal ak istwa Ayisyen. "Ou chita nan yon sèk pou geri, men ou chita tou nan yon sèk pou fè estrateji," Nadége raple moun yo. Sèk yo kreye espas pou egzamine sistèm ki pèpetye doulè yo epi pou chèche konnen kisa pou fè ak yo.

Vizyon an ale pi lwen pase 3 fevriye. Patnè yo espere kontinye espas gerizon yo vityèlman, pou lè fanmi ak moun yo depòte tounen Ayiti oswa nan lòt peyi, yo p ap gen yon entèripsyon nan aksè yo nan gwoup sipòtè emosyonèl sa yo. "Yo ta kapab kontinye wè menm figi fanmi yo, patisipe nan menm kalite dinamik ke yo abitye avèk la. Petèt gen yon sans kontinwite oswa yon sans nòmalite nan mitan sa ki gen anpil chans pou l yon sityasyon vrèman difisil," Alex di.

Vizyon sa a gen ladan l tou yon ekip entèvansyon nan vil pò Kap-Ayisyen pou resevwa moun ki depòte yo epi ofri espas gerizon an pèsòn lè yo rive, ansanm ak asistans lajan kach ijans ak bon otobis, ki pral priorize. Si yo pa gen kote pou yo ale, petèt yo ka jwennabri tanporè an kowòdinasyon avèk legliz yo.

Gen lòt òganizasyon ki kòmanse rantre nan vizyon sa a. [Haiti Health Network](#) ap travay an kowòdinasyon pou fòme travayè sante mantal kominotè an Ayiti epi lòt ajans k ap travay avèk Ayisyen ki fèk antre Etazini ap kòmanse ankouraje modèl espas gerizon an. [In Cultured Company](#) fè yon travay fondamantal avèk diaspora Ayisyen ak dyaspora Dominikèn Etazini epi li vin tounen yon kolaboratè enpòtan.

Nan yon moman kote yo ap di pèp Kreyòl ayisyen an yo pa vle yo, ke lavi yo pa enpòtan, ke lafwa yo se sipèstisyon epi kilti yo tèt anba – Lakou Tanama di yo: Ou fè pati de isit la. Istwa w enpòtan. Gerizon w enpòtan. Epi n ap kenbe yon espas pou nou tout.

Jan fanm ki t ap nan lapenn zanmi l ki te mouri pa swisid la te di a, "Petèt si l te konnen Lakou sa a, li te ka kenbe. Lakou a se yon fanmi. Mwen pa t konnen te gen yon kote konsa."

Sèk yo ap agrandi, epi moun yo ap jwenn, nan lakou vityèl ki baze sou bezwen kontanporen ak tradisyon ansyen, ke yo pa poukont yo, ke lafwa yo ak gerizon yo pa separe. Pale lang yo, pratike espiritualite yo, pote lapenn yo, onore zansèt yo, epi toujou jwenn lajwa - tout bagay sa yo ka egziste ansanm nan yon sèl espas.

Jan yon patisipan ki soti Ayiti te di l: “Nou dwe kontinye fè sa ki byen pou tè zansèt nou yo. Menm nan dyaspora a, anpil moun anvi retounen lakay yo. *Lakay se lakay*: lakay se lakay.”

pa Wajeeha Malik